

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa salaku mahluk sosial boga karep pikeun narima jeung méré informasi ka sasamana, atawa leuwih umum disebut komunikasi. Komunikasi ieu lumangsung dina dua wanda, nyaéta ngaliwatan basa jeung non-basa. Anu disebut komunikasi basa nyaéta komunikasi ngaliwatan sistem tata sora arbitrer. Basa di dieu mangrupa media pikeun nepikeun informasina. Komunikasi non-basa nyaéta komunikasi ngaliwatan simbol/tanda saperti rambu-rambu jalan, basa awak (pepeta), tanda-tanda anu dipaké ku masarakat pikeun nuduhkeun hiji hal, atawa anu séjénna.

Informasi basa anu hayang ditepikeun ku manusa dipigawé ku rupa-rupa cara saperti paguneman langsung, biantara, ngaliwatan media cetak, elektronik, jeung media lianna. Salasahiji media pikeun nepikeun informasi, kereteg haté, idéologi jeung sajabana nyaéta ngaliwatan sastra. Sastra nyaéta seni ngolah basa jadi hiji karya anu boga ajén seni tur bisa dipagelarkeun di masarakat dina wandana (cetak, pintonan, sora jst.). Sastra nurutkeun Teeuw (2003: 19) hésé pikeun dicindekkeun watesanna. Saunggal pamadegan ngeunaan sastra bisa jadi lega teuing ambahana atawa heureut teuing. Ceuk pamadegan Wellek & Warren (1989: 3) mah sastra téh hiji kagiatan kréatif, hiji karya seni. Karya seni sorangan bisa dihartikeun prosés kréatif pikeun nyiptakeun hiji hal nu mibanda ajén linuhung. Tina hal éta,

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panialu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

kelas pisan yén sastra téh media pikeun nepikeun ajén-ajén linuhung, utamana maké media basa.

Salasahiji wanda sastra nyaéta dongéng. Dongéng minangka karya sastra anu gelarna dianggap pangheulana batan karya sastra lianna. Hal ieu, lantaran dongéng raket pisan patalina jeung kahirupan manusa. Manusa nepikeun informasi ka papadana saperti ngadongéng atawa leuwih dipikawanoh ku istilah ngalalakonkeun kahirupan sorangan atawa ngalalakonkeun hiji kajadian jeung tempat anu satuluyna éta carita téh sumebar di masarakat, nepi ka ngawujud hiji carita rakyat. Nurutkeun Rusyana (1978: 18) dongéng téh kaasup kana golongan carita, umumna caritana parondok.

Tina pedaran di luhur, ébréh pisan yén dongéng bisa jadi media *transformasi* ajén-ajén di masarakat. Malah teu saeutik dongéng anu sacara umum dianggap suci, sakral, pinuh siloka ku sajumlah masarakat anu percaya.

Anu percaya kana eusi hiji dongéng biasana kabeungkeut ku siloka anu nyampak dina dongéng. Siloka, atawa sacara akademik dina tataran studi semiotik bisa disebut salaku tanda, mangrupa élemén anu utama dina komunikasi jeung miboga harti. Manusa mikir maké tanda, tanda éta bisa diasupkeun salaku simbol. Simbol nyaéta hiji wangun tanda anu ditangtukeun ku aturan, jeung hasil kasapukan saréréa, miboga fungsi jeung di jerona aya ajén-ajén anu luhung.

Dongéng umumna sumebar di hiji komunitas masarakat sacara tatalépa. Salasahiji contona nyaéta dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis. Dongéng téh boga peranan penting jeung miboga siloka anu jero, geus kitu deui dongéng anu sumebar di Desa Panjalu
Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis. Pikeun maluruh peran pentingna jeung silokana diperlukeun hiji panalungtikan anu jero tur daria.

Sababaraha panalungtikan ngeunaan dongéng anu kapendak di antarana nyaéta: “*Dongéng Rakyat Kacamatan Sukahaji pikeun Pangajaran sastra di SMP Sukahaji*” kenging Atin Rohmatus Solihat (2005). Panalungtikan ieu ukur museur kana stuktur intrinsik dongéng kalayan dipasing-pasing pikeun pangajaran di SMP. Panalungtikan séjéna nyaéta “*Carita Maung Panjalu: Struktur, Konteks, Penuturan, Prosés Penciptaan dan Fungsi*” karya Sri Maryanti (2007) Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia FPBS UPI Sarua jeung panalungtikan saméméhna, panalungtikan ieu museur kana kajian struktur intrinsik dongéng Maung Panjalu ogé medar masalah gumelarna éta dongéng.

Dumasar kana hal di luhur ébréh yén dongéng-dongéng di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis sacara gembलग can aya anu nalungtik, sabab dina éta dongéng-dongéng anu sumebar di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis dianggap miboga ajén-ajén anu luhung. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna. nyaéta dina ieu panalungtikan mah baris dipedar ngeunaan ajén-ajén anu nyampak satukangeun unsur semiotik/tanda dina dongéng anu sumebar di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis. Hasil panalungtikan ieu satuluyna dilarapkeun dina bahan ajar maca pikeun SMP sangkan aya *transformasi* ngeunaan ajén-ajén luhungna. Ku kituna panalungtikan anu dijudulan *Analisis Semiotik Dongéng di Désa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP* perlu dilaksanakeun.

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta masalah objéktif anu leuwih museur kana unsur-unsur tanda anu nyampak dina dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis. Tina hal éta, tuluy hasil panalungtikan disusun sangkan bisa dijadikeun bahan ajar pikeun pangajaran maca di SMP.

1.2.1 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, masalah panalungtikanana dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha inventarisasi dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis téh?
2. Kumaha struktur dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis téh?
3. Unsur semiotik naon waé anu aya dina dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis?
4. Kumaha dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis téh jadi bahan ajar maca dina pangajaran basa Sunda di tingkat SMP?

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha tujuan, nyaéta:

1. ngainventarisir dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis;
2. ngadéskripsikeun unsur-unsur struktural dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis;
3. ngadéskripsikeun unsur-unsur semiotik jeung pedarana anu nyampak dina dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis;
4. ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca basa Sunda pikeun barudak di tingkat SMP.

1.4 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metodé kualitatif deskriptif. Éta metode digunakeun sabab luyu jeung udagan panalungtikan nyaéta pikeun ngebréhkeun ajén-inajén anu nyangkaruk dina dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis ku jalan maluruh simbol-simbol jeung tafsirana tina dongéng-dongéng éta. Dina hal ieu, panalingtik kudu ngumpulkeun data anu lengkep tur objektif. Data éta saterusna diinterpretasikeun maké pamarékan tiori semiotik anu sakumaha mistina

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

1.5 Manfaat Panalungtikan

1.5.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré hiji gambaran ngeunaan tiori kasusastraan salaku media pikeun ajén-ajén anu boga peran ngawangun karakter masyarakat anu makéna. Lian ti éta ogé dipiharep hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban materi ajar basa Sunda dina widang atikan.

1.5.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis nyaéta mangpaat anu karasa langsung tina hasil panalungtikan. Mangpaat praktis anu kapanggih tina panalungtikan ieu nyaéta:

1. Ngadeskripsikeun dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis pikeun nambahan pangaweruh anu maca jeung nguatan tiori ngeunaan kabudayaan jeung kasusastraan Sunda.
2. Ngadeskripsikeun unsur struktural katut pedarana anu nyampak dina dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis.
3. Ngadeskripsikeun unsur semiotik katut pedarana anu nyampak dina dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis anu satuluyna bakal kaguar ajén-ajén anu aya satukangeun dongéng sangkan bisa dilenyepan tur dipaké dina kahirupan sapopoé.
4. Ngadéskripsikeun hasil panalungtikan pikeun jadi bahan pangajaran basa

Sunda di SMP hususnya dina pangajaran maca. Ku ayana inventarisasi
Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

jeung deskripsi ngeunaan makna simbol anu aya dina dongéng, dipiharep bahan ajarna bisa leuwih onjoy tur mundel.

4.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Ieu di handap mangrupa sistematika penulisan skripsi, nyaéta:

BAB I BUBUKA

- 1.1 Kasangtukang Masalah
- 1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah
- 1.3 Tujuan Panalungtikan
- 1.4 Metode Panalungtikan
- 1.5 Mangpaat Panalungtikan
- 1.6 Sistematika Nyusun Skripsi

BAB II DONGÉNG, SEMIOTIK, JEUNG BAHAN PANGAJARAN MACA

- 2.1 Dongéng
- 2.2 Struktural-Semiotik
- 2.3 Bahan Pangajaran Maca

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

- 3.1 Lokasi Panalungtikan
- 3.2 Desain Panalungtikan
- 3.3 Metode Panalungtikan
- 3.4 Wangenan Oprasional
- 3.5 Instrumen Panalungtikan

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3.6 Tehnik Ngumpulkeun Data

3.7 Analisis Data

BAB IV BAHASAN

4.1 Inventarisasi Dongéng anu Sumebar di Wewengkon Desa Panjalu

Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis

4.2 Analisis Sruktural-Semiotik dina Dongéng anu Sumebar di

Wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis

4.3 Dongéng anu Sumebar di Wewengkon Desa Panjalu Kacamatan

Panjalu Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekan

5.2 Saran

DAPTAR PUSTAKA

LAMPIRAN-LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu